**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Специальная (коррекционная) общеобразовательная школа-интернат**
**для слепых и слабовидящих имени В.Ш.Дагаева»**

**Приложение 1**
**к АООП ООО**

**Утверждаю**
Директор ГБОУ «С(к)ОШИСС имени В.Ш.Дагаева»
_______________/ Ч.А.Гайрабеков/
Приказ № 80 от _30 08_ 2024 г.

# Рабочие программы
## по учебным предметам основного общего образования
## 5-10 классы
## (слепые)
## 2024 - 2025 учебный год

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат:
2D9961C1167822A7E76758B3D82425BF
Владелец: Гайрабеков Чингизхан Аюбович
Действителен: с 12.04.2024 до 06.07.2025

**Рабочая программа**
**по учебному предмету «Чеченский язык»**
**8 «К» класс**
**для обучающихся с умственной отсталостью (интеллектуальными нарушениями) с учетом психофизических особенностей слепых обучающихся**
**(вариант 2)**
**2024-2025 учебный год**


Составитель:
Уциева Радима Салаудиевна
учител

## 1.Довзийтаран кехат

Йозанан предметан «Нохчийн мотт» 8-чу классашна лерина йолу белхан программа ГБОУ «С(к)ОШИСС В.Ш.Дагаевн ц1арах йолчу» х1оттийна хIокху документин бух тIехь:

Юьхьанцара юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан Юкъара дешаран а, коьрта юкъарадешаран а пачхьалкхан программа Э.Х.Эдиловн «Нохчийн меттан» юьхьанцарчу классашна лерина гергарчу хьесапехь йолу коррекционни дешаран учрежденина, б1аьрса г1ийла долучу берашна программа, Нохчийн Республикин дешаран а, 1илманан а министерствос магийна йолу. Белхан программа нисйина дешаран сахьташ декъна ду урокийн коьчалшка, берийн хене хьаьжжина.

Юьхьанцара юкъарадешаран школа - мехала, керла, жоьпаллин мур бу беран дахарехь: х1окху школехь-интернатехь д1адолало 8-чу классийн б1аьрса доцучу дешархойн диллина долу дешар, кхузахь шорло цуьнан гонахарчу дахарца йолу юкъаметтигаш, хийцало юкъараллин дарж а, ша -шен вовзийта оьшуш хилар а совдолу. Т1аьхьа хиндолчу дерриге а дешаран бух кхуллу юьхьанцарчу школашкахь. Юьхьанцарчу школехь нохчийн матто, кхечу предметаша санна, меттан 1илманан декъехь шен маь1ница а йоккха меттиг д1алоцу. Цуьнан дешарца а, кхетамца кхиорехь а доккха маь1на ду.

Э.Х.Солтаханов, И.Э.Солтахановн, нохчийн меттан, дешаран юьхьанцарчу классашна лерина герггарчу хьесапехь йолу программа, Нохчийн Республикин дешаран, а, 1илманан, а министерствос магийна йолу.

Маттах лаьцна хаарш, барта а, йозанан а къамелан хаамаш караберзорца дешархойн таро хуьлу кхийолу дешаран предметаш а кхиамца 1амо, цуьнца цхьаьна гонахарчу дахарх дозуш долу шайн хаарш шордан.

«Школана хьалха лаьтта декхарш кхочушдарехь 1аламат доккха маь1на ду ненан меттан, х1унда аьлча школо болх оцу маттахь д1аболорца караерзайо беро дахарехь гулйина а ненан маттахь билгалйолуш йолу а хьекъалан хазна. Оцу кийчачу буха т1ехь школо д1ах1оттабо ша кхид1а а бен болу болх, аьлча а дуьненах лаьцна болу берийн кхетам алсам а

боккху, уьш г1иллакх-оьздангалла йолуш кхиорехь а царна дешар 1аморехь а дерриге а декхарш кхочуш а до.

Вайн школашкара дешархой юкъараллин пайдечу къинхьегамна а, нохчийн къоман беркате т1аьхье хинйолчу кепара а кечбаран декхарца цхьаьна царна нохчийн меттан хаамаш балар доккха маь1на долуш ду.

Юьхьанцарчу муьрехь ненан мотт хьехаран коьрта декхар ду къамелан г1уллакхан цхьадолу тайпанаш 1амор (къамеле ладог1аррий, цунах кхетаррий; вистхила 1аморрий; дешаррий, йозий). Цул сов, оцу муьрехь ондда бух кхолла беза ненан маттахь вовшашца т1екаре хила хаарна, иза берашна хьехаран а, кхетош-кхиоран а коьрта г1ирс хилар хаийтарна.

Цуьнца цхьаьна кхийолчу дешаран предметийн санна, ненан матто юьхьанцарчу муьрехь кхочушдан деза цхьадолу мехала юкъара г1уллакхаш а:

- ✓ дешархойн 1аламах а, юкъараллих а долу хааршший, 1илманан юьхьанцара кхетаммий кхиор;
- ✓ логически а, васт х1отторан а ойла кхиор;
- ✓ къинхьегаме а, цуьнца цхьаьна дешаре а болу лаам кхиор;
- ✓ лакхарчу классашкахь кхиамца деша бераш кечдар;
- ✓ гонахарчу дахарца йолу юкъаметтиг а, нахе йолу нийса дог-ойла а кхетош-кхиор».

*Программин бухе еххина х1ара принципаш:*

- ✓ уьйран принцип, къамел кхиоран декъехь дешархой т1екаре хила 1амор шегара лоьхуш йолу;
- ✓ кхетамаллин принцип, мотт 1аморца доьзнарг кхетам болуш 1амор лоьхуш йолу.

Программо маттаца дозург практически карадерзо дезарг къастийна ца 1аш, меттан хиламаш, цара маттехь д1алоцучу меттиге хьаьжжина, хьалха-т1аьхьа уьш караберзор а тидаме эцна.

Нохчийн мотт 1аморехь дешархойн дешнийн барам совбаккхар а ду мехала. Жигара шех олуш болу дешнийн барам

х1ора классехь билгалбеш тидаме эцнарг х1ара ду: оцу барамехь дешнаш берийн лексикехь хилахь, цара таро лур ю царна х1ора денна йоза - дешар 1аморан декъехь т1екаре хила. Юьхьанцарчу классийн дешархойн лексикийн барам 3000 гергга дош хила деза, царах 600 дош карадерзадо цара 1-чу классехь, 700-шолг1ачу классехь, 800-3-чу классехь, 850-4- чу классехь. Хьехархочо шен лаамехь церан барам совбоккхуш х1ора классехь юкъадало тарло кхин а 50-70 дош.

И дешнаш жигара карадерзор д1ахьо церан лексически цхьа маь1наш хилар а довзуьйтуш, омонимаш, синонимаш, антонимаш йовзийтарца, дешхьалхенийн, суффиксийн г1оьнца цхьана орамах керла дешнаш кхолларца.

Дешархошна бовзуьйту дешан фонетически, морфологически х1оттам, цара 1амадо коьрта къамелан дакъош а, церан грамматически категореш а, предложенехь оцу къамелан дакъоша кхочущден синтаксически г1уллакх а. Лексически а, грамматически декъехь дешнаш карадерзор деа шарахь д1ахьо.

Грамматически а, орфографически а материал программи <u>юкъа ялийна</u> х1ора т1ейог1учу классехь т1етт1а шоръяран,к1аргъяран, чолхеяккхаран хьесапехь.

Массо а кепара мотт 1аморан а, къамел кхиоран а г1уллакх кхочушдина самукъанечу, еша дог дог1учу тексташна а, упражненешна а т1ехь.

Программехь коьрта меттиг д1алоцу т1екаре хила 1аморан карадерзораш, шардарш кхиоран балхо. Барта къамел кхиор хила деза дешархойн коьртачу тидамехь уьш еша а, яздан а 1емачу хенахь а, грамматикех болу хаамаш царна бовзуьйтуш а, йозаелла тексташ х1иттош а, упражненеш кхочушъеш а.

Х1ора урокехь берийн дистхилар алссам хила деза: хаттарш деш, царна жоьпаш луш, шайх лаьцна дуьйцуш, вовшашца къамел деш, хьехархочуьнца юкъаметтиг лелош, ешначун чулацам юхасхьабуьйцуш.

Дешан маь1ни т1ехь а, аларна, нийсаяздарна а т1ехь бен болх биллина беш хилар мехала ду. Билгалйинчу темина, суьртах, бинчу тидамех, кинох лаьцна шайна еллачу кепаца а, шаьш а дийцаран, хаттаран, айдаран, т1едожоран

предложенеш, тексташ, диалогаш х1итто 1амо деза бераш.

**Юьхьанцарчу школехь нохчийн мотт 1аморан 1алашонаш**

- ✓ т1екаре хила дезаран, йоза-дешар кхид1а а 1амо дезаран 1алашонца нохчийн мотт караберзор;
- ✓ къамелдаран хьуьнарш кхиор, нохчийн маттахь вовшашца т1екаре лело хаар;
- ✓ нохчийн меттан лексикех, фонетикех, грамматикех болу т1еххулара хаамаш караберзор;
- ✓ ладог1а, вистхила, шен маттахь еша, яздан хаар карадерзор;
- ✓ Нохчийн Республикин пачхьалкхан нохчийн матте шовкъ кхоллар, шен къоман культурин дакъа иза хиларе терра.

**Дешаран предметан чулацаман мехаллин аг1онаш:**

Юьхьанцара школа чекхъяьккхинчу дешархойн программа караерзийча хила деза жам1аш:

- ✓ дешархой синъоьздангаллин мехаллаш евзаш, къоман г1иллакх-оьздангаллин баххаш т1ехь кхиъна хилар;
- ✓ доьзалан дахар девзаш хилар;
- ✓ къоман культура а, бусулба дин а девзаш хилар;
- ✓ Росси пачхьалкхан гражданин ша вуйла хууш хилар;
- ✓ синъоьздангаллин мехаллаш кхиор дешархойн коьртачу г1уллакхашна т1е дахар: урокийн, урокел арахьарчу а, юкъараллин пайдечу а.

**Дешаран планехь нохчийн матто д1алоцу меттиг**

Программа х1оттийна юьхьанцара юкъарадешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан буха т1ехь, базисни дешаран планан 2-чу варианто нохчийн маттана луш йолчу таронашца нисъеш. Нохчийн мотт хьехаран башхалла билгалъяьккхина тематически планаш т1ехь. Мотт хьеха билгалдина сахьташ кху кепара ду: *7-чу классехь 68(йоза-дешар) сахьт.*

Ала деза, х1ара программа герггарчу хьесапехь ю. Герггарчу юьхьанцарчу юкъарадешаран программин буха т1ехь х1отто езаш ю пачхьалкхан аккредитаци йолчу дешаран учрежденин дешаран г1уллакхан декъашхойн хьашташка а, оцу дешаран учрежденин башхалле хьаьжжина а йолу юьхьанцарчу дешаран юкъарадешаран программа.

**Дешаран предмет 1аморан жам1аш**

Юьхьанцара школа чекхъяьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн меттан программа караерзоран декъехь хила деза хаарш:

- ✓ нохчийн мотт пачхьалкхан мотт а, иза уьйран а, гонахара дахар довзаран а г1ирс хиларх кхеташ хилар;
- ✓ школан а, юкъараллин а дахарехь нохчийн меттан хаарех пайда эца хьуьнар хилар;
- ✓ нохчийн мотт къоман культурин а, синъоьздангаллин а мехаллийн цхьа т1ег1а лара дезарх кхеташ хилар;
- ✓ тайп-тайпанчу хьелашкахь шен нийсархошца а, баккхийчаьрца а юкъаметтигаш лело хаар карадерзор, мехалчу х1умнашка а, синъоьздангаллин мехаллашка а экаме хила везарх кхеташ хилар.
- ✓

**2.Юьхьанцарчу школехь нохчийн мотт 1аморан метапредметни жам1аш**

✓ хезаш долу къамел цхьатера т1елацар (баккхийчара а, шен нийсархоша а олург, берийн радиопередачашкахь, аудиозаписашкахь, кхечу хаамийн технологийн кепашкахь хезарг);

✓ дешнаш, дешдакъош, аьзнаш, аьзнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш ала а, х1итто а карадирзина хилар;

✓ билгалйинчу темина диалог х1отто, даьржина а, доцца хаттаршна жоьпаш дала а, диалог д1айоло а, чекхъяккха дог дар карадирзина хилар;

✓ кечам бина а, боцуш а, кхеташ, сиха къастош ешар, текст йоцца а, хоржуш а юха схьайийцар карадирзина хилар;

✓ хьехархочун г1оьнца а, ша а орфографически а, пунктуационни а бакъонаш ларъеш талламан а, 1аморан а кепара белхаш кхочушбан хаар карадирзина хилар;

✓ ша язбина белхаш талла а, нохчийн маттах шен долчу хааршна вукху предметашца дустарца анализ ян а хаар карадирзина хилар;

✓ нохчийн меттан чулацаме хьаьжжина юьхьанцарчу дешаран материальни а, хаамийн а гонахехь болх бан хаар карадирзина хилар;

✓ школехь а, школал арахьа а нийсархошка а, баккхийчаьрга а вистхила хаар карадирзина хилар.

**Юьхьанцарчу школехь нохчийн мотт 1аморан предметни жам1аш:**

✓ ладог1а хууш хилар: дуьйцучун чулацамах а кхеташ, къамел хазаран хьесапехь т1елацар;

✓ нохчийн меттан фонетически система евзаш хила езар: мукъа а, мукъаза а элпаш а, аьзнаш а къасто, дешнаш дакъошка декъа а, аьзнаш ала а хууш хилар;

✓ шен меттан доцу (т1еэцначу дешнашкахь бен ца лела) аьзнаш а, аьзнийн цхьаьнакхетарш а довза а, нийса схьаала а хууш хилар;

✓ дешнаш, церан грамматически форманаш а евзаш, уьш муха кхоллаелла а, царах предложенеш вовшахтаса а, къамелехь пайда эца а хууш хилар;

✓ нийсаяздаран бакъонаш евзаш хилар: доккха элп, дешдакъошца дош сехьадаккхар, сацаран хьаьркаш;

✓ карадирзинчу хаарех дешаран а, вовшашца йолчу юкъаметтигашкахь а пайда эца хууш хила везар: диалог д1аяхьа, хаттаршна жоьпаш дала, евзаш йолчу лексикин бараме хьаьжжина, шегара хаттарш х1итто, текст юхасхьайийца, суьрташка хьовсуш предложенеш, тайп-тайпанчу теманашна билгалйинчу тематически кепашца йоцца монологически тексташ х1итто

хууш хилар (чолхе доцу суртх1оттор, дийцар, ойлаяр);

- ✓ хезаш а, шен дагахь а, къастош а еша къаьстина предложенеш а, тексташ а цхьаьна, хууш хилар;
- ✓ текст дакъошка екъа а, царна ц1ерш тахка а, план х1отто а, т1едахкарш т1едуза а, т1еяздан а, х1уманийн, суьртан куц-кеп довзийта а хууш хилар;
- ✓ мотт къоман культурин цхьа дакъа а, уьйран г1ирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхеташ хилар.

### 3.Юкъарадешаран юьхьанцарчу дешаран нохчийн меттан предметан чулацам

Программехь «Нохчийн мотт» предметан чулацам билгалбина дешаран декъан т1ег1анашка хьаьжжина.

1-чу классехь: абатал хьалхара мур, йоза-дешар 1амор, абатал т1аьхьара мур.

Хьалхарчу классехь йоза-дешар 1аморан кхо мур бу: абатал хьалхара я кечамбаран муррий, деша а, яздан а 1амош болу абатан муррий, 1амийнарг т1еч1аг1деш болу абатал т1аьхьара муррий.

Абатал хьалхарчу муьрехь бераш 1амадо предложенеш дешнашкий, дешнаш дешдакъошкий, дешдакъош аьзнашкий декъа.

Абатан оццу муьрехь д1ахьо дешархой къамеле ладог1а 1амор лакхадоккхуш бен болх.

1-чу классехь йоза-дешар 1аморан чулацам билгалбеш программо тидаме эцна дешархойн кечам а тайп-тайпана хирг хилар. Цундела абатал хьалхара мур, цхьана аг1ор, иза школе дахкале берашна 1емина йолу лексико-грамматически материал карлаяккхаран мур бу, вукху аг1ор- йоза-дешар 1аморна кечамбаран а, къамел шардаран мур а бу.

Цуьнан 1алашо - школе дахкале барта къамелехь берашна карадирзина хаарш т1еч1аг1дар а, кхиор а ю; берийн бошмашкахь кечам банза долчу берашна ладог1а а, дийца а хааран юьхьанцара шардарш д1адахьар; вовшашца юкъаметтиг д1акхехьа а, йоза-дешар 1аморна а оьшшучу барамехь йолу дешнийн лексически хазна совъякккхар; шайх къамелехь алсам

пайда оьцуш йолу дешнийн грамматически форманаш жигара яхар; шуьйра евзаш йолчу къамелан кепех пайда оьцуш предложенеш кхоллар а.

Дешнаш а, предложенера грамматически конструкцеш карайоьрзу берашна къамел дечу муьрехь (гайтаман г1ирсаш т1ехь а, урокехь а, урокал арахьа а ловзарш д1ахьош, стихаш дагахь 1амочу хенахь а, шена гинчух, хезначух лаьцна дуьйцуш

а, суьрташца болх беш а, упражненеш кхочушъеш а).

Абатал хьалхарчу муьрана юьхьанцарчу школашкахь 7-чу классехъ билгалдо 20-25 сахьт, дешархойн кечаме хьожжий.

Йоза-дешар 1аморо шена чулоцу:

- дешан аьзнийн х1оттам а, цуьнан маь1на а, мукъа а, мукъаза а аьзнаш девзаш хилар, элп, аз къасто хаар, дешнаш, предложенеш йовзар;
- хаттаран, т1едожаран предложенех пайда эцарца диалог д1аяхьа хаар;
- схьааьллачун чулацамах кхеташ а, хаттарш даларца юхасхьадийца а, доцца сюжетни суьртийн чулацам т1ехь дийцар-жоьпаш дала хаар;
- юьхьанцара йоза-дешаран хааршг.

Йоза-дешар 1аморна кечамбеш аналитико-синтетически болх вовшахтуху: предложенеш дешнашка а, дешнаш дакъошка а, дакъош аьзнашка а доькъуш; аьзнех дешдакъош а, дешдакъойх дешнаш, дешнех предложенеш а кхуллуш.

Йоза-дешар карадерзочу хенахь барта къамел кхиоран болх а бу д1абахьа безаш, нохчийн маттахь яздан а, еша а хааран юьхьанцара бух а кхуллуш.

Йоза-дешар 1аморан муьрехь берашна йовзуьйту аз-элп ц1е йолу кеп, ткъа иза кхочуштдо оза т1ера элпа т1е вигарца.

Абатан муьрехь бераша уьйр тосу къамелан аьзнашщий, уьш элпашца гойтуш йолчу билгалонашщий. Цара 1амадо элпеххий, дешдакъойххий дешнаш х1итто а, уьш д1адеша а. Цуьнца цхьаьна бераша 1амадо дешаран урокехь 1амийнчу рог1ехь, элпийн меженаш а, элпаш а яздан, вуьшта аьлча йоза карадерзадо. Аз а, элп къастош болу белхаш биллина вовшахтоха беза (хезаш язъен диктанташ).

Абатал т1аьхьара мур лексико-грамматически балхана лерина хуьлу. Цуьнан 1алашо дешархойн къамел кхиор ю. Боккха тидам т1ебохуьйту элпаш нийсаяздарна –

каллиграфина. Меттан аьзнаш, дешнаш, синтаксически конструкцеш йовзарца цхьаьна, къамел даран тайпанаш а карадоьрзу царна (алар, ладог1ар, ешар, йоза).

Барта а, йозанан а къамел кхиоро х1окху муьрехь берийн кху тайпана карадерзораш хила дезар шена чулоцу:

- аьзнаш, аьзнийн цхьаьнакхетарш , дешдакъош ала а, буьйцучу нохчийн маттах кхеташ а хилар;
- йоза-дешар 1амочу хенахь диалог д1аяхьа хууш хилар;
- кхеташ, шера, къастош еша хууш хилар;
- каллиграфин лехамашна жоп луш, орфографин, пунктуацин бакъонаш ларъеш, йозанан 1аморан а, талламан а декъера белхаш нийса кхочушбан хууш хилар;

**Комплексно къамел кхиоро шена чулоцу:**

- школехь а, школал арахьарчу дахарехь а т1екареш д1акхехьа оьшучу барамехь ладог1а а, къамел дан а, еша а, яздан а карадирзина хилар;
- юьхьанцара школа чекхъяьккхича кхид1а а деша таро лучу кепара а, вовшашка парг1ат бистхила аьтто беш а болу дешнийн барам дешархочун хазнехь хилар;

- ➢ къамелан диалогически кеп практически карайирзина хилар (къамел дар, къамелаца къовсам д1абахьар); дешар т1ехь а, юкъарчу декъехь къамелехь оьздангалла ларъян хаар: салам- маршалла хаттар, 1одикаяр, баркалла алар, дехар дар;
- ➢ монологически къамелан т1еххулара форманаш карайирзина хилар: бинчу балхах лаьцна барта жам1 дар, цхьана билггалчу теманах лаьцна шена хетарг алар, планан а, хаттарийн буха т1ехь шен тексташ кхоллар;
- ➢ дешархойн къамел дан хааран хьуьнарш кхиор, шен маттахь вистхила а, вовшашца къамеле вала а хаар, кхид1а деша хьуьнар хилар;
- ➢ нохчийн мотт дуьнене болу хьежам совбаккхарехь а, кхечу культурашца з1е тасаран оьшуш болу г1ирс хилла д1ах1отта безаш хиларх кхетар.

Барта къамел кхиъна а, ешар карадирзина хиларал сов, дешархойн йозанан къамел, цуьнан хат1 карадерзоран хаарш а хила деза.

Юьхьанцарчу классашкахь йоза яздан 1аморан декхар дешархошкахь х1ара карадерзораш, шардарш кхиор ду:

- ➢ нохчийн дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш, яккхий йоцу йозаелла тексташ т1ера нийса схьаязъян хаар;
- ➢ ладог1арца орфографически а, пунктуационни а бакъонаш ларъярца текст нийса д1аязъян хаар;
- ➢ шен дозаделла йозанан къамел кхиъна хилар (хаттаршна жоьпаш дала, 1аморан изложенеш а, сочиненеш язъян хаар).

Йозанан белхаш кхочушбеш тидаме эца деза иштта х1ора беран каллиграфически кхачамбацарш а: элпан д1асатаь1на хилар, цуьнан лекхалла а, шоралла а, сизал арадалар, элпан сурт талхийна хилар и д1. кх. а. Цу 1алашонца тетрадаш т1ехь элпийн хила ма-еззара йолу кепаш яла еза, церан вукху элпашца хоттадалар муха хила деза а гойтуш (1-чу классехь х1ора дешархочун тетрадаш т1ехь).

Ц1енаяздаран урокашкахь кхочушбечу белхан барам 7-чу классехь 1 мог1анал лахара хила ца беза.

Йоза яздан 1аморан г1уллакх чекхдолу дозуш долу къамел кхиоран хаарш, шардарш карадирзинчул т1аьхьа. Йозанан къамел кхиор 7-чу классехь дуьйна хаддаза д1адахьа деза тайп- тайпана кечамбаран упражненеш кхочушъярца. И упражненеш т1ехьажийна хила еза предложенеш нийса х1итто а, билггала, оьшшуш долу дешнаш далорца шен ойланаш

йоцца, кхеташ а, царна юкъара бахьанин а, т1аьхьалонан уьйрийн кхетам луш, яло хаарна а.

Нохчийн мотт 1аморехь кхиамаш хир бу, нагахь санна оьрсийн маттахь дешархоша карадерзийнчу хааршна т1етевжаш 1амош белахь. Масала, цхьатерачу грамматико- орфографически хиламех пайдаэцарца (аз, элп, мукъа, мукъаза аз боху кхетамаш; доккха элп; дош сехьадаккхар; предложених, дешдекъах, дашах болу кхетамаш и д1. кх. а.). Цара г1о дийр ду кхиамца материал караерзорехь а.

**Систематически курс (практически караерзор)**

**Кечамбаран мур (барта)**

- **Коммуникативни г1уллакхаш кхиорца доьзна хаарш карадерзорна коьчал**

Вовшашца йолу юкъаметтигаш д1акхехьаран теманаш, хьелаш. Алсам пайда оьцу тема-доьзал, 1ер-дахар, дешаран, дешархочун, хьехархочун юкъаметтигаш. Х1ора муьрана тема билгалйо гонахарчу дахарна юкъара хиламаш билгалбахархьама. И бахьана долуш кхоллаяла тарло текст 1амочу маттехь. Бакъду, кхоллалучу хьелашка хьаьжжина теманаш кегийчу теманашка екъаяла а тарло, уьш а х1ора муьрехь шайн башхаллаш йолуш хир ю. Масала, юьхьанца алсам пайда оьцург ловзаран кепара тема елахь, мотт караберзарца доьзна и теманаш дешаран, х1ума довзаран декъаца а йоьзна хир ю т1аьхьа.

- **Меттан материал**, теманашца а, хьелашца йозаелларш, меттан т1ег1анашца билгалйина ю: лексика, фонетика, грамматика.

Лексически цхьааллаш караерзор шен-шен муьрехь д1ахьо, 1амош йолчу темига а, хьелашка а хьаьжжина.

Фонетика йовзийтар алсам шайх пайда оьцучу къамелан аьзнаш довзийтарца а, царах дешдакъош а, дешнаш а

кхолларца гайтина. Нийсаяздаран

пропедевтически курс ялийна йоза- дешар 1аморан декъехь. Цул т1аьхьа и курс систематически хуьлий д1ах1утту.

Грамматика йовзийтина типовой шайх олучу конструкцешца а (къамелан кепаш), царна беллачу кхетамашца а: дешархошна карайирзина хила еза грамматически кепаш.

❖ **Текстийн коьчал**.

Х1ума довзаран а, 1ер-дахаран а, ловзаран а кепара дешар 1аморан тексташ. Исбаьхьаллин тексташ (стихаш, туьйранаш, дийцарш) 1амийнчу темица а, хьелашца а йозаелла йолу.

❖ ***Культура кхиоран декъехула йолу коьчал:***

- ✓ тайпа, тукхам;
- ✓ ц1е, ден ц1е;
- ✓ нохчийн а, т1еэцна а ц1ерш;
- ✓ тайп-тайпанчу къаьмнийн ловзарш.

**Йоза-дешар 1амор**

❖ **Коммуникативни г1уллакхаш** кхиорца доьзна хаарш карадерзорна коьчал

Вовшашца йолу юкъаметтигаш д1акхехьаран теманаш: доьзал, 1ер-дахар, 1илманан (берана самукъане а, пайден а хир йолчу кепара), ловзаран.

Теманаш: Школа. Доьзал. 1алам (ораматаш, дийнаташ). Стоьмаш, хасстоьмаш. Деза денош. Вина (йина) де (сан, сан гергарчеран, доттаг1ийн). Даймохк. Г1ала. Юрт. Вайн Республика, вайн мохк.

❖ **Маттаца доьзна хаарш кхиоран коьчал.**

Лексика: дош, цуьнан маь1на. 1амош йолчу теманашца дозаделла дешнаш карладахар а, жигарадахар а.

Фонетика а, орфоэпи а: аз хазарца къастор, мукъанаш, мукъазнаш, къоранаш, зевненаш нийса алар а, яздар а. Т1еэцначу дешнашкахь бен ца лела элпаш билгалдар.

Грамматика: дожарийн маь1на; къамелан дакъош; предложенеш: цхьанах1оттаман, шинах1оттаман (кху кепара: ц1ердош +билгалдош+ хандош); диалогически цхьааллаш: хаам -хаттар - жоп.

❖ **Текстаца йозаелла коьчал**

1аморан teксташ 1ер-дахаран кепара. 1амош йолчу теманашца йог1у дешаран, х1ума довзаран тексташ. 1амош йолчу теманашца йог1у дийцаран кепара исбахьаллин тексташ (стихаш, туьйранаш, дийцарш).

❖ **Культура кхиоран декъехула йолу коьчал:**

- ✓ х1ума юуш лело деза г1иллакх;
- ✓ чохь, арахь лело деза г1иллакх;
- ✓ ц1ахь кхобу дийнаташ (тайп-тайпанчу къаьмнийн);
- ✓ ц1ахь кхобучу хьайбанашна а, дийнаташна а техкина ц1ерш.

**Барта а, йозанан а къамел кхиор. Абатал т1аьхьара мур**

❖ **Коммуникативни г1уллакхаш** кхиорца доьзна хаарш карадерзорна коьчал

Вовшашца йолу юкъаметтигаш д1акхехьаран теманаш: ловзаран, 1ер-дахаран, дешаран.

Теманаш: Ц1а. Доьзал. Вовшийн довзар. Школа: урок, перемена, каникулаш. Адам а, могушалла а. Дийнан хан, шеран хан, беттийн ц1ерш. Туьканахь, школан буфетехь, нохчийн къоман даарш. Транспорт. Туька: эцар, мах д1абалар. Хьуна хазахетарг.

❖ **Маттаца доьзна хаарш кхиорна лерина коьчал**.

1амочу темица доьзна долу дешнаш карладахар а, жигарадахар а. Т1еэцначу дешнашкахь бен ца лела аьзнаш: ф, ы, ё, щ.

Грамматика: х1окху дешнашца йолу (мегар ду, мегар дац) предложенеш, цхьанатайпанарчу меженашца йолу предложенеш. Диалогически цхьааллаш: хаам-хаттар-хаам, хаттар-жоп-хаттар.

Дилогически кепара х1ума довзийтарх лаьцна йолу 1аморан тексташ, 1амочу темица дог1учу туьйранашна а, берийн произведенешна т1ера а дакъош.

❖ *Культура кхиоран декъехула йолу коьчал:*

- ✓ типологически гергара долу нохчийн, оьрсийн туьйранаш;
- ✓ вайн къоман сувенираш;
- ✓ Россин къаьмнийн деза денош;
- ✓ нохчийн къоман даарш;
- ✓ Россин халкъийн г1иллакхаш а, ламасташ а.

**Комплексно къамел кхиор. Грамматикин а, орфографин а пропедевтически курс**

❖ **Коммуникативни г1уллакхаш** кхиорца доьзна хаарш карадерзорна коьчал

Вовшашца йолу юкъаметтигаш д1акхехьаран теманаш: 1ер- дахаран, дешаран, 1илманан-х1ума довзийтаран, социальни.

Теманаш: шеран хенаш (аьхке, гуьйре, 1а, б1аьсте). Нохчийн поэташ а яздархой, дукхаеза книга, халкъан туьйранаш. Космонавтика. Культурехь, 1илманехь, техникехь баьхна кхиамаш. Толаман де.

❖ **Маттаца доьзна хаарш кхиоран коьчал.**

7-чу классаьхь фонетикехула, морфологехула, грамматикехула карадерзийна хаарш, шардарш жигарадахар. Синонимех,

антонимех болу кхетам. Къамелан дакъош: ц1ердешнийн легарш; хандешан билгалза кеп, хенаш; билгалдешнийн дожар; яххьийн ц1ерметдешнаш, куцдешнаш, масаллин, рог1аллин терахьдешнаш. Предложенин цхьанатайпанара меженаш. Чолхе предложени (ткъа, амма, делахь а) хуттургашца.

Графика: элпийн ц1ерш, доккха элп адамийн, г1аланийн ц1ерашкахь. Орфографи. Пунктуаци. Къамел кхиор: диалогехь дакъалаца а, доцца монологически аларш а, чолхе йоцу йозанан teксташ а х1итто а, орфографически, пунктуационни а бакъонаш ларъеш яздан а хаар. Юьхьанцарчу школехь дешна волуш кхид1а а деша кийча волуш кхиийна хилар.

- **Культура кхиоран декъехула йолу коьчал***:*
  - ✓ нохчийн ц1ерш, фамилеш;
  - ✓ нохчийн къоман ловзарш а, ловзоргаш а;
  - ✓ нохчийн берийн эшарш;
  - ✓ нохчийн халкъан деза денош, ламасташ, г1иллакхаш;
  - ✓ нохчийн къоман даарш.

## 4.Тематически планировани

| П/н № | Разделан ц1е. Тема | Сахьт | 1алашонаш |
|---|---|---|---|
| **I чийрик 15 сахьт** | | | |
| **1.** | Сентябрь- дешаран хьалхара де! | 1 | Берашна школехь леларан бакъонаш йовзийтар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **2.** | 1амийнарг карладаккхар | 1 | Берийн ойлаярх кхетам кхиор. Дешархойн кхолларалли н кхетам кхиор. 1аматашца тидаме хилар кхиор. |
| **3.** | Йозанан жима элп 1 яздар. | 1 | Йозанан жима а доккха а элпаш ***I,I*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **4.** | Йозанан доккха элп 1 яздар | 1 | |
| **5.** | Тест №1 | 1 | 1амийна шалха элпаш т1еч1аг1дар. Дешнаш яздар. |
| **6.** | Элп ь яздар. | 1 | |
| **7.** | Элп ъ яздар. | 1 | Элп ***ь*** довзийтар. Дешнашкахь яздан 1амор. |
| **8.** | Йозанан жима хь яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***хь,Хь*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **9.** | Доккха а элп Хь яздар | 1 | |
| **10.** | Йозанан жима элп кх яздар | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***кх, Кх*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **11.** | Доккха элп Кх яздар | 1 | |
| **12.** | Йозанан жима элп къяздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***къ, Къ*** довзийтар. Уьш шаьш а, дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **13.** | Доккха элп Къ яздар | 1 | |
| **14.** | Йозанан жима элп г яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***г,Г*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **15.** | Доккха элп Г яздар | 1 | |
| **I I- чийрик 16 сахьт** | | | |
| **16.** | Йозанан элп г1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш г1, Г1 довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **17.** | Доккха элп Г1 яздар | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **18.** | Йозанан жима элп аь яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***аь,Аь*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **19.** | Доккха элп  Аь яздар | 1 | |
| **20.** | Йозанан жима оь  яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***оь,Оь*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **21.** | Доккха элп Оь яздар | 1 | |
| **22.** | Йозанан жима элп уь яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***уь,Уь*** довзийтар. Уьш шаьш а, дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **23.** | Доккха элп Уь яздар | 1 | |
| **24.** | Йозанан жима элп ч  яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ч, Ч*** довзийтар. Уьш шаьш а, дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **25.** | Доккха элп Ч яздар | 1 | |
| **26.** | Йозанан жима элп ч1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ч1, Ч1***  довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **27.** | Доккха элп Ч1 яздар | 1 | |
| **28.** | Йозанан жима элп  т1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***т1, Т1*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **29.** | Доккха элп Т1 яздар | 1 | |
| **30.** | Йозанан жима ж яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ж,Ж***  довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **31.** | Доккха элп  Ж яздар | 1 | |
| **I I I- чийрик 20 сахьт** | | | |
| **32.** | Йозанан жима элп х1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***х1,Х1***  довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **33.** | Доккха элп  Х1 яздар | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***х1, Х1*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **34.** | Йозанан жима элп к1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***к1, К1*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **35.** | Доккха элп К1 яздар | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **36.** | Йозанан жима элп ю яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ю,Ю*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **37.** | Доккха элп Ю яздар | 1 | |
| **38.** | Йозанан жима элп юь яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***юь,Юь*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **39.** | Доккха элп Юь яздар | 1 | |
| **40.** | Йозанан жима элп я яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***я, Я*** довзийтар. Уьш шаьш а, дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **41.** | Доккха элп Я яздар | 1 | |
| **42.** | Йозанан жима элп яь яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***яь,Яь*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **43.** | Доккха элп Яь яздар | 1 | |
| **44.** | Йозанан жима элп ц1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ц1,Ц1*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **45.** | Доккха элп Ц1 яэдар | 1 | |
| **46.** | Йозанан жима элп п1 яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***п1, П1*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор. |
| **47.** | Доккха элп П1 яздар | 1 | |
| **48.** | Йозанан жима элп ф яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ф, Ф*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор |
| **49.** | Доккха элп Ф яздар | 1 | |
| **50.** | Йозанан жима элп ё яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***ё, Ё*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор |
| **51.** | Доккха элп Ё яздар | 1 | |
| **52.** | Йозанан жима элп щ яздар. | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***щ, Щ*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор |
| **I V- чийрик-14 сахьт** | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **53.** | Доккха элп Щ яздар | 1 | Йозанан жима а, доккха а элпаш ***щ, Щ*** довзийтар. Уьш шаьш а , дешдакъошкахь а яздан 1амор |
| **54.** | Йозанан элп ы яздар. | 1 | Йозанан **ы** элп довзийтар. Дешдакъошкахь а яздан 1амор |
| | **Абатал т1аьхьара мур/12с/** | | |
| **55.** | Алфавит. 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | Берашна хаитар алфавитан рогІаллехь фамилеш язйеш хилар а, библиотекера дІанисйо книгаш а. Иштта хаитар дошам тІера дешнаш а алфавитан рогІаллехь дІанисдойла. |
| **56.** | 1амийнарг т1еч1аг1дар | 1 | |
| **57.** | Т1ера схьаязъяр. | 1 | Тетрадь т1ехь д1аяздар, бина болх таллар. |
| **58.** | Г1алаташ т1ехь болх. Шалха элпаш. | 1 | Шалхачу элпех болу хаамаш шорбар. Мукъаза шалха элпаш дашехь т1аьхье-хьалхе нисделча уьш яздаран бакъонаш йовзийтар. |
| **59.** | Шалха элпаш | 1 | |
| **60.** | Дош. Дешдакъа. | 1 | Предложенех дашах кхетам балар. Предложенино кхочушхилла яьлла ойла гайтар хаийтар, дашо цхьа х1ума, цуьнан дар билгалдар хаийтар. Ненан меттан хазалла гайтар. |
| **61.** | Дош. Дешдакъа. | 1 | |
| **62.** | Тест №2 | 1 | |
| **63.** | Предложени. | 1 | |
| **64.** | Предложени. | 1 | Предложенех дашах кхетам балар. Предложенино кхочушхилла яьлла ойла гайтар хаийтар, дашо цхьа х1ума, цуьнан дар билгалдар хаийтар. Ненан меттан хазалла гайтар. |
| **65.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | Берийн алсам дер дуойлаяр, тидам бар, дешнаш довзар. Берийн шорлур ду фонетически кхиам. Берашна хуур ду адамийн ц1ерашкахь, яртийн, г1алийн ц1ерашкахь доккха элп яздеш хилар. |
| **66.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **67.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | Берийн алсам дер дуойлаяр, тидам бар, дешнаш довзар. Берийн шорлур ду фонетически кхиам. Берашна хуур ду адамийн ц1ерашкахь, яртийн, г1алийн ц1ерашкахь доккха элп яздеш хилар. |
| **68.** | Жам1 даран урок | 1 | Дешархойн хаарин мах хадор. |
| | **Дерриге:** | **68** | |

**Дешаран предметана материально -технически кхачояран хьокъехь хьехамаш**

Нохчийн меттан урокашкахь дешаран г1уллакхан кхачоярна т1е хьажийна лехамаш юьхьанцарчу школехь долу хьелаш тидаме а оьцуш, билгалбина.

**Дешархошна болх бархьама оьшу:**

- ✓ шенна охьахуу меттиг (парта, стол, тобанашкахь беш болу болх д1абахьа жима меттиг);
- ✓ школан г1ирсаш: ручка, бос болу къоламаш, юьхьигаш горга йолу тукар, линейка, циркуль, ластик;

программин декхарш кхочушдарехула йолу материал: (кехат (зорбанан, альбомни, аппликацешна(бос болу), оригами), мужалт (мокха а, бос болу а), пластилин, фольга, калька.

**Юьхьанцарчу школехь-интернатехь дешаран г1уллакхана кхачояр т1ехьажийна ду:**

- ✓ моделашца болх бар: аьзнийн массо а тайпа башхаллаш (деха, доца, къора, зевне, мукъа, мукъаза) билгалъеш йолу дешан аьзнийн х1оттаман моделаш кхоллар; д1аяздар, хедийнчу элпех дешнаш х1иттор, олуш д1аяздар цхьадолу дешнаш,
- ✓ предложенеш, схемашца предложенеш кхоллар;
- ✓ гигиенически лехамаш ларбар тетрадь, ручка охьайилларехь, нийса охьахаарехь;
- ✓ графически кхочушдийриг мелла а карадерзор: линейкица юстар, графически кепара дерг дешар, линейкех, угольниках, циркулах пайда эца хаар, планаш, схемаш, таблицаш йовзар;
- ✓ библиотекехь, словарь, учебник т1ера оьшуш йолу информаци лаха хаар;

дешаран декъехула оьшу материально-технически кхачоярца доьзна кхиамашка кхачалург хиларан ч1аг1о даг.

**Учебни г1ирс:**

- ручка
- къолам
- йозанан тептар
- рельефни схемаш
- Рельефни карточкаш

## 5. Календарно - тематически планировани

| Урокан № | Урокан тема. Чулацам | Сахьт | Терахь | | Примечани |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт | |
| **Абатан мур(7 с.) I чийрик 15 сахьт** | | | | | |
| **1.** | Сентябрь- дешаран хьалхара де! | 1 | 04.09 | | |
| **2.** | 1амийнарг карладаккхар | 1 | 06.09 | | |
| **3.** | Йозанан жима элп 1 яздар. | 1 | 11.09 | | |
| **4.** | Йозанан доккха элп 1 яздар | 1 | 13.09 | | |
| **5.** | Тест №1 | 1 | 18.09 | | |
| **6.** | Элп ь яздар. | 1 | 20.09 | | |
| **7.** | Элп ъ яздар. | 1 | 25.09 | | |
| **8.** | Йозанан жима хь яздар. | 1 | 27.09 | | |
| **9.** | Доккха а элп Хь яздар | 1 | 02.10 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **10.** | Йозанан жима элп кх яздар | 1 | 04.10 | | |
| **11.** | Доккха элп Кх яздар | 1 | 09.10 | | |
| **12.** | Йозанан жима элп къяздар. | 1 | 11.10 | | |
| **13.** | Доккха элп Къ яздар | 1 | 16.10 | | |
| **14.** | Йозанан жима элп г яздар. | 1 | 18.10 | | |
| **15.** | Доккха элп Г яздар | 1 | 23.10 | | |
| **I I- чийрик 16 сахьт** | | | | | |
| **16.** | Йозанан элп г1 яздар. | 1 | 25.10 | | |
| **17.** | Доккха элп Г1 яздар | 1 | 06.11 | | |
| **18.** | Йозанан жима элп аь яздар. | 1 | 08.11 | | |
| **19.** | Доккха элп Аь яздар | 1 | 13.11 | | |
| **20.** | Йозанан жима оь яздар. | 1 | 15.11 | | |
| **21.** | Доккха элп Оь яздар | 1 | 20.11 | | |
| **22.** | Йозанан жима элп уь яздар. | 1 | 22.11 | | |
| **23.** | Доккха элп Уь яздар | 1 | 27.11 | | |
| **24.** | Йозанан жима элп ч яздар. | 1 | 29.11 | | |
| **25.** | Доккха элп Ч яздар | 1 | 04.12 | | |
| **26.** | Йозанан жима элп ч1 яздар. | 1 | 06.12 | | |
| **27.** | Доккха элп Ч1 яздар | 1 | 11.12 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **28.** | Йозанан жима элп т1 яздар. | 1 | 13.12 | | |
| **29.** | Доккха элп Т1 яздар | 1 | 18.12 | | |
| **30.** | Йозанан жима ж яздар. | 1 | 20.12 | | |
| **31.** | Доккха элп Ж яздар | 1 | 25.12 | | |
| **I I I- чийрик 20 сахьт** | | | | | |
| **32.** | Йозанан жима элп х1 яздар. | 1 | 27.12 | | |
| **33.** | Доккха элп Х1 яздар | 1 | 08.01 | | |
| **34.** | Йозанан жима элп к1 яздар. | 1 | 10.01 | | |
| **35.** | Доккха элп К1 яздар | 1 | 15.01 | | |
| **36.** | Йозанан жима элп ю яздар. | 1 | 17.01 | | |
| **37.** | Доккха элп Ю яздар | 1 | 22.01 | | |
| **38.** | Йозанан жима элп юь яздар. | 1 | 24.01 | | |
| **39.** | Доккха элп Юь яздар | 1 | 29.01 | | |
| **40.** | Йозанан жима элп я яздар. | 1 | 31.01 | | |
| **41.** | Доккха элп Я яздар | 1 | 05.02 | | |
| **42.** | Йозанан жима элп яь яздар. | 1 | 07.02 | | |
| **43.** | Доккха элп Яь яздар | 1 | 12.02 | | |
| **44.** | Йозанан жима элп ц1 яздар. | 1 | 14.02 | | |
| **45.** | Доккха элп Ц1 яэдар | 1 | 19.02 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **46.** | Йозанан жима элп п1 яздар. | 1 | 21.02 | | |
| **47.** | Доккха элп П1 яздар | 1 | 26.02 | | |
| **48.** | Йозанан жима элп ф яздар. | 1 | 28.02 | | |
| **49.** | Доккха элп Ф яздар | 1 | 04.03 | | |
| **50.** | Йозанан жима элп ё яздар. | 1 | 06.03 | | |
| **51.** | Доккха элп Ё яздар | 1 | 11.03 | | |
| **52.** | Йозанан жима элп щ яздар. | 1 | 13.03 | | |
| **I V- чийрик-14 сахьт** | | | | | |
| **53.** | Доккха элп Щ яздар | 1 | 25.03 | | |
| **54.** | Йозанан элп ы яздар. | 1 | 27.03 | | |
| **Абатал т1аьхьара мур/12с/** | | | | | |
| **55.** | Алфавит. 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | 01.04 | | |
| **56.** | 1амийнарг т1еч1аг1дар | 1 | 03.04 | | |
| **57.** | Т1ера схьаязъяр. | 1 | 08.04 | | |
| **58.** | Г1алаташ т1ехь болх. Шалха элпаш. | 1 | 10.04 | | |
| **59.** | Шалха элпаш | 1 | 15.04 | | |
| **60.** | Дош. Дешдакъа. | 1 | 17.04 | | |
| **61.** | Дош. Дешдакъа. | 1 | 22.04 | | |
| **62.** | Тест№2 | 1 | 24.04 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **63.** | Предложени. | 1 | 29.04 | | |
| **64.** | Предложени. | 1 | 06.05 | | |
| **65.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | 08.05 | | |
| **66.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | 13.05 | | |
| **67.** | Предложени доккхачу элпаца йолор. | 1 | 15.05 | | |
| **68.** | Жам1 даран урок | 1 | 20.05 | | |
| | **Дерриге:** | **68** | | | |